

ORD: N°02/000329/

ANT:Korespondans ORD.N°894,07 Novanm 2016,

De souSekreteri Edikasyon,aktyalize enstriksyon,

Sou, rantre, rete ak egzesis dwa Edikasyon timoun, je-n ak granmoun Migran yo.

MAT:Konplemantè korespondans ORD.N°894,07 Novanm

2016, sou Sekreteri Edikasyon an matyè de explikasyon.

SANTIAGO, 25 ME 2017

DE: VALENTINA KARINA QUIROGA CANAHUATE

SOU SEKRETE DE EDIKASYON

A: TOUT SEKRETE REJYONAL MINISTÈ EDIKASYON

CHEF DEPATMAN PROVENS EDIKASYON YO

Pa Od ki endike nan dokiman an, li aktyalize korespondans ORD.N°70/1008(1531) ane 2005 sou rantre, rete ansanm ak egzesis dwa Edikasyon pou timoun ak je-n Migran yo. Fas a sitiyasyon sa ,toujou gen moun kap poze kesyon sou dosye Migran ki granmoun yo,ki toujou vle sètifie epi tèmine etid yo,li etabli konsa:

**1.konsènan pwosis pou antre nan sistem lekòl la**

Ministè Edikasyon an a travè tout biwo kote yo bay atansyon pou sitwayen yo ed MINEDUC, kinan tout peyi a pral bay tout Migran yo ki pa gen kat idantite chilyen an e ki vle enskri nan sistem lekòl la, Idantifikasyon Pwovizwa Eskolè a IPE) ki kapab pemet yo enskri san okenn pwoblem. Nan ka sila yo ki genyen 18 ane a kontinye, pou ou solisite IPE a yo dwe prezante yon dokiman pou idantifye yo ki pa espire (paspò, kat idantite peyi yo).

## **2. konsènan modalite regilye Edikasyon gran moun yo.**

Pou gran moun sa yo ki se Migran ki panse sètifye etid yo, e ki enskri nan yon etablisman edikasyon kote yo bay modalite regilye ki koresponn ak gran moun yo.

a) Nan ka yon gran moun Migran ki gen tout dokiman eskolè peyi kotel soti a:

I. Si se yon peyi ki genyen akò etid avek Chili, li dwe mande nan biwo de Atansyon pou sitwayen ministè Edikasyon an pou l konvalide etid li yo, dapre dekrè ekzant Edikasyon N°2272, de 2007 nan denye klas ou te rive a, selon nivo ekivalans yo.

II. Si se yon peyi ki pa gen akò etid avek chili, li dwe prezante tout dokiman eskolè li, konsa yap otorizel enskri pwovizwaman selon jan dekrè ekzant N°2272, de 2007 la siyale, nan denye klas li te rive a nan peyi orijin li, konsa etablisman lekòl la va rayalize pwosesis pou l konvalide lot klas li te fe yo.

Nan Edikasyon bazik selman yo egzije pou yo konvalide 3èm nivo edikasyon gran moun. Si li enskri nan 1è nivo segondè, li dwe konvalide

3èm nivo basik la. Si se nan 2èm nivo segondè, li dwe konvalide 1è nivo segondè ak 3èm nivo bazik la.

Nan ka moun nan te deja termine tout etid segondè nan yon lot peyi etranje epi li gen yon dokiman ki gen menm ekivalans ak lisans edikasyon segondè chilik a, yap otorize li enskri nan 2èm nivo segondè, epi etablisman ap anchaje pou konvalide res klas ke li te fe yo.

b) Nan ka gran moun migran ki pa genyen yon dokiman eskole de peyi I, li kapab enskri direktman nan 3èm nivo basik nan edikasyon gran moun yo.

c) Yon fwa ke pwosesis validasyon ou byen konvalidasyon etid yo termine, se lè sa a enskripsyon an pral definitiv nan klas ki koresponn nan, menm le etidyan an pako genyen kat idantite chilyen nan.

3. Konsènan modalite flexib Edikasyon granmoun yo ak validasyon etid yo.

Gran moun sa yo kipanse pou yo sètifye etid yo a travè modalite validasyon etid ou byen modalite flexib Edikasyon gran moun yo, menm jan tou kapab solisite IPE a nan tout biwo Ed MINEDUC, ki pemet ou reyalize enskripsyon pou modalite sa yo.

a) Si yo genyen dokiman eskolè peyi kote yo soti a, pou yo ka enskri yo bezwen fe sa nan nenpot biwo atansyon pou sitwayen yo Ministè Edikasyon Nasyonal la, aprè sa pwosesis pou rekonet ak konvalide etid basik anvan ak segondè ke yo te fe nan peyi kote yo soti a. Le yo fi-n rekonet etid yo, yo dwe prezante sètifika tout lot klas yo te fè yo nan klas ki koresponn lan.

b) Si yo pa genyen okenn sètifika ki di yo rekonet etid yo, yo kapab valide 3èm nivo Edikasyon bazik la san okenn pwoblem.

c) Pou ka egzamen nivo pou moun kap travay, li pa nesèsè pou yo genyen sètifika denye klas yo te fè nan peyi oriji-n yo a piske li pa pemet yo kontinye etidye. Selman yo egzije yo jistifye nesèsite pou w kapab bay egzamen sa a travè yon let de rekomandasyon de antrepriz wap travay la oubyen yon deklarasyon senp pou w postile pou yon travay oubyen tou pou kek lot setifika ou lisans.

#### **4. konsenan sètifika etid yo**

a) Nimewo idantifikasyon an itil pou reyalize pwosesis setifikasyon tout etid gran moun migran yo fe, men si li pa ta genyen kat idantite chili a, se idantifikasyon Pwovizwa Eskolè a (IPE), ki pral anregistre nan ak ubyen dosye ki koresponn pou migran yo kapab jwenn yon rejis kalifikasyon nan SIGE a, ansanm ak lot sistem enfomasyon sou setifika Ministè Edikasyon Nasyonal.

b) Pandan yo ap regilarize sitistasyon migratwa yo, etablisman an ak MINEDUC dwe setifye tout klas yo fe deja yo ke IPE a endike ansanm ak dokiman idantite peyi kote yo fet la, ki se Paspò oubyen kat idantite nasyonal) ki pa ekspire.

#### **5. Konsenan enklizyon Eskolè a**

a) Tout gran moun ki enskri nan etablisman edikasyon yo, poutet yo se etidyan regilye yo genyen menm dwa ak etidyan chilyen yo nan pwogram manje lekòl yo (PAE), liv, pasay eskolè (TNE), pwogram mwen konekte pou m aprann ak asirans eskolè.

b) Otorite Edikasyon yo ansanm ak tout ekip pwofesè yo dwe etabli pwosesis selon règleman entè-n evalyasyon yo, pou migran yo kapab entegre yo piti piti nan pwosesis evalyasyon yo san pwoblem,

espesyalman gran moun yo ki pa domine lang espanyol la. sa mande pou yo redwi not ke jeneralman regleman ente-n evalyasyon an etabli.

c) Tout imigran ki panse komanse ou byen konplete etid yo nan modalite edikasyon pou je-n ak gran moun yo, genyen menm dwa ak etidyan chilyen yo pou yo patisipe nan oganizasyon tankou Komite etidyan, konsey eskolè ou byen lot toujou ki ekziste nan enstitisyon edikatif yo.

#### **6. Konsenan regilarizasyon sityasyon migran yo**

a) Otorite edikasyon yo dwe ankouraje tout etidyan migran ki genyen IPE a pou yo reyalize pwosesis regilarizasyon migwatwa yo.

b) Yon fwa sityasyon migwatwa a regilarize, nan fich dosye li, yo dwe ranplase IPE a pa Rut ke regis sivil bay la. Pousa ki pou we ak SIGE, yo kapab fe chanjman sa direkteman nan etablisman kote etidyan an enskri a ou byen nan biwo Rejis Pwogram eskolè ki koresponn nan ka kote li pa ka fet nan lekòl la.

Pou fini, se trez enpotan pou otorite edikasyon yo adopte mezi ki nesèsè ki kapab ede enklizyon an nan tout etablisman edikasyon yo, byen resevwa yo, konte ak ed pou rann entegrasyon ak patisipasyon an aktif, epi rekonet karakteristik sosyo kiltirel yo.

VALENTINA KARINA QUIROGA CANAHUATE

SOU SEKRETE EDIKASYON

Distribisyon.

-Tout sekrete rejyonal Ministè Edikasyon an.....	15c
-Tout departman Pwovens Edikasyon nasyonal .....	42c
-kabinè Minis la .....	1c
- kabinè sou sekretè a .....	1c
- Divizyon Edikasyon jeneral.....	1c
-Divizyon planifikasyon ak bidjè .....	1c
- Kòdinasyon nasyonal ak teknoloji.....	1c
- Biwo antansyon pou sitwayen ak ed MINEDUC....	1c
- Divizyon jiridik .....	1c
- Biwo resepsyon.....	1c
- Achiv.....	1c
- Total	66c
-Dosye N° (.....)- 2017	